

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa boga sifat nu dinamis sarta hétérogén. Basa bisa tuluy mekar luyu jeung waktu sarta kamekaran jaman anu mangaruhan panyatur basana. Pamikiran manusa jeung tingkah paripolah manusa salaku panyatur basa ditandaan ku gejala alamiah nya éta ayana parobahan. Parobahan ngagunakeun basa lumangsung dina kahirupan, tina hiji mangsa ka mangsa lianna.

Basa Sunda mangrupa basa daérah panggedéna kadua sanggeus basa Jawa di Indonésia. Kalolobaanana pamaké basa Sunda dumuk di Propinsi Jawa Barat, Propinsi Banten, sabagian leutik Jawa Tengah beulah kulon. Kalumangsungan hirup basa daérah di Indonésia, kaasup di jerona basa Sunda éstuning dijamin ku Undang-undang Dasar 1945 Amandemén IV. Sacara umum, kalungguhan jeung fungsi basa daérah nu aya éta dirumuskeun dina Seminar Politik Bahasa Nasional anu dilaksanakeun bulan Oktober 1975 (Rusyana, 1985: 56-57). Éta rumusan sacara umum téh tangtuna beunang hasil panalungtikan, sakurang-kurangna dumasar panitén kana sajumlahing basa daérah anu dianggap penting.

Masyarakat Sunda kiwari kaasup masyarakat anu nyangking dua basa, lantaran salian ti ngawasa basa indung ogé ngawasa basa nasional pikeun komunikasi jeung papadana. Utamana masyarakat anu dumuk di pakotaan jeung sabudeureunana. Éta dua basa bisa muncul iraha waé jeung di mana waé. Ku kituna, masyarakat Sunda kaasup masyarakat dwibahasawan atawa *bilingualisme*.

Maksud dwibahasawan atawa *bilingualisme* nya éta masyarakat ngawasa dua basa kalawan satata tuluy ngalarapkeunana dina komunikasi. Tapi aya ogé nu ngahartikeun dwibahasawan henteu perlu maké éta dua basana, tapi ngan cukup ku mikawanoh kana éta basana (Rusyana, 1984:50). Kitu deui dina kaayaan masyarakat Sunda kiwari loba anu kaasup kana éta kritéria.

Kahirupan basa Sunda nu miboga daya gerak-jero (*inner dynamic*), sarta kiwari aya dina prosés pacorok jeung basa Indonésia, saéstuna nyanghareupan parobahan-parobahan rongkah anu sipatna positif jeung négatif tina alatan dwibahasa. Positif dina harti ngabeungharan jeung nguatkeun basa Sunda éta sorangan, sedengkeun nu dimaksud négatifna nya éta kaayaan nu sabalikna. Ku ayana transfer kitu tangtuna loba parobahan dina sistem basa anu dipaké anu ngabalukarkeun ayana parobahan dina nyusun bahan pangajaran basa Sunda. Kaayaan sarupa kitu kudu diperhitungeun, hususna dina peristiwa-peristiwa interférens, boh positif boh négatif.

Masyarakat Sunda umumna miboga ajén seni, boh seni winangun sora boh winangun rupa. Dina seni sora urang Sunda geus ti béh ditu mula ngabogaan karya winangun kawih. Pon kitu deui, seni sora séjénna anu ilaharna hirup-hurip tur sumebar di masyarakat Sunda. Ku kamekaranana wangun seni sora kawih tumuwuh ngarundaykeun wanda nu anyar ka entragan (generasi) sapandeurieunana. Boh tina wirahma, boh tina rumpaka jeung waditra pamirigna. Ku kamekaranana kiwari gumelar wangun seni sora kawih wanda pop Sunda. Istilah pop atawa populér pikeun sagala jenis kréasi, naha novel atawa lagu, nya éta minangka karya anu ngamasyarakat, dipikaresep ku unggal lapisan masyarakat, hampang, ngahibur, sarta ngadatangkeun kauntungan. Kumaha aweuhanana tur tanggapan masyarakat Sunda kana éta wanda milu nangtukeun hirup-huripna kamekaran éta seni.

Kamekaran seni sora henteu salawasna mawa pangaruh alus kana kamekaran basa Sunda. Tapi aya kalana kamekaran basa milu ngaronjatkeun ajén hiji karya gumantung kana kasaluyuan masyarakat atawa pamiarsa sacara umum. Kamekaran basa bisa dititénan tina rumpaka anu dilagukeun dina kawih kasebut.

Leupas tina motivasi jeung maksud pangarang dina nyiptakeun hiji karya, kiwari loba karya rumpaka lagu nu diragum dina dua basa. Éta fénoména téh munculkeun gejala interférens basa tina basa Indonésia (satuluyna disebut BI) kana basa Sunda (satuluyna disebut BS) salaku basa kahiji dina lalaguan. Ieu jadi hal nu matak ngirut pikeun ditalungtik, naha aya maksud naon di satukangeun

nyiptakeun éta karya jeung kumaha pangaruhna kana kamekaran basa Sunda di masarakatna salaku pamiarsa lagu kasebut.

Panalungtikan ngeunaan interférénsi saenyana geus kungsi dilakukeun, di antarana waé, panalungtikan anu dilaksanakeun ku Yus Rusyana (1975), Amran Halim (1981), Nuril Huda (1981), Cécé Kurniawan (1999), jeung Linda (2009). Panalungtikan interférénsi aya nu tina basa daérah kana basa Indonésia (Rusyana jeung Huda), aya ogé anu nalungtik interférénsi basa Indonésia kana basa daérah (Halim jeung Linda), sarta anu nalungtik interférénsi basa kosta kana basa Sunda (Kurniawan).

Nu jadi sumber data dina panalungtikan Rusyana, Huda jeung Linda nya éta siswa anu diajar basa kadua. Ari panalungtikan anu dilakukeun ku Kurniawan sumber datana nya éta tulisan dina majalah. Tangtu dina ieu panalungtikan anu ayeuna dilakukeun aya bédana, lantaran sumber datana lain ka siswa atawa tulisan dina majalah tapi téks rumpaka lagu pop Sunda. Munculna téks lagu lantaran ayana prosés kréatif ti pangarang éta rumpaka lagu. Ngan kasang tukang pangarang lagu dina ieu panalungtikan moal dipaluruh sangkan ieu panalungtikan museur kana téks rumpaka laguna.

Dumasar kana katerangan anu dipedar, panalungtikan anu judulna “Interférénsi Léksiko-gramatikal Basa Indonésia kana Basa Sunda dina Rumpaka Lagu Pop Sunda” perlu pikeun dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang masalah di luhur, ieu di handap dijelaskeun watesan jeung rumusan masalah panalungtikan.

1.2.1 Watesan Masalah

Interférénsi tina hiji basa kana basa lian nyoko kana adegan jeung tataran basa kayaning tataran fonologis, grafémis, gramatikal, jeung tataran léksikal. Dina ieu panalungtikan diulik ngeunaan interférénsi anu kawangun jadi dua ambahan. Anapon ambahanana nya éta ngawengku interférénsi léksikal jeung interférénsi gramatikal. Ari dina interférénsi léksikal nyoko kana wangun kekecapan katut

hartina, saperti patali jeung rélasi semantis (sinonimi jeung homonimi kalawan niténan wangun murni, serepan atawa rékaan). Anapon interférénsi gramatikal nyoko kana wangun morfologis jeung wangun sintaksis. Wangun morfologis ngawengku prosés ngarangkénan, ngantétkeun, ngarajék jeung ngawancah. Ari wangun sintaksis ngawengku adegan frasa jeung klausa/kalimah.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah anu muncul lantaran pangarang ngagunakeun dua basa dina nyiptakeun rumpaka laguna sacara sadar tur ngahaja, naha éta kaasup kana gejala basa atawa sakadar nuturkeun usumna. Teu kawatesanan ku pangarang nu kaasup seniman kahot, atawa ku jurukawihna langsung. Sangkan leuwih tétéla, ieu panalungtikan bisa dirumuskeun sakumaha ieu di handap.

- a. Naon baé interférénsi léksiko-gramatikal basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda?
- b. Kumaha waé wangun interférénsi léksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda?
- c. Kumaha waé wangun interférénsi gramatikal (morfologis jeung sintaksis) basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda?
- d. Unsur naon waé nu mindeng muncul tina interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan umum jeung tujuan husus. Saterusna, bisa dititénan dina ieu dadaran di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, dilaksanakeunana ieu panalungtikan téh nya éta pikeun maluruh jeung ngadadarkeun interférénsi basa Indonésia kana basa Sunda anu aya dina rumpaka lagu pop Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Anapon tujuan husus dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaidéntifikasi jeung medar

- a. gejala interférensí léksiko-gramatikal tina basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda;
- b. interférensí unsur léksikal basa Indonésia kana basa Sunda nu aya dina rumpaka lagu pop Sunda;
- c. interférensí unsur gramatikal basa Indonésia kana basa Sunda nu aya dina rumpaka lagu pop Sunda;
- d. frékuénsi interférensí basa Indonésia kana basa Sunda dina rumpaka lagu pop Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan bisa disawang jadi mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan bisa méré mangpaat kana paélmuan basa jeung seni. Dina paélmuan basa ieu panalungtikan ngajembaran kamekaran tiori linguistik, utamana dina widang analisis kasalahan makéna basa Sunda. Sedengkeun dina paélmuan seni bisa ngajembaran tiori musik katut karya rumpakana.

Pikeun kamekaran tiori linguistik Nusantara ieu panalungtikan dipiharep miboga mangfaat hususna pikeun studi perbandingan kumaha bédana corak basa Sunda kiwari jeung basa Sunda heubeul. Pikeun kamekaran tiori musik katut karya laguna bisa ngeuyeuban paélmuan kasenian dumasar panalungtikan tina karya-karya anu nyampak.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan mangrupa salah sahiji tarékah dina miara jeung ngamumulé basa Sunda. Ku ayana ieu panalungtikan, bisa méré mangpaat

pikeun nu ngarang lagu, pangajaran, nu nyusun bahan pangajaran jeung bahan ajar.

Pikeun nu ngarang lagu, sangkan dina nyieun rumpaka karyana dina mangsa nu bakal datang bisa niténan faktor kabasaanana nepi ka bisa mahing kasalahan ngagunakeun basa tapi teu matak ngurangan ajén seni jeung sastrana. Pikeun pangajaran basa, ieu panalungtikan bisa méré kontribusi ngeunaan ulikan basa dina nyieun hiji rumpaka lagu, tur bisa méré gambaran basa nu digunakeun dina éta rumpaka. Kitu deui pikeun nu nyusun bahan pangajaran basa minangka jejer nu milu ngabina basa, ieu panalungtikan bisa méré gambaran sangkan dina nyusun bahan pangajaran ngeunaan kawih bisa nyaluyukeun basa dina rumpakana. Pikeun bahan ajar, ieu panalungtikan bisa méré kontribusi ngeunaan pangajaran kawih dumasar rumpakana anu saluyu jeung tatabasa Sunda kiwari katut palanggeranana.

1.5. Wangenan Operasional

Sangkan henteu nimbulkeun salah tafsir ti nu maca, ieu di handap dijelaskeun wangenan operasional anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

a. Interférénsi

Interférénsi nya éta ayana pasosok basa dina hiji basa anu tangtu. Bisa jadi basa kahiji nu kacampuran basa kadua, atawa sabalikna. Interférénsi ogé bisa jadi ayana pasosok tina basa katilu. Kituna téh lumangsung bari silih pangaruhan di antara éta basa.

b. Unsur Léksikal

Pangaruh wangun kekecapan jeung harti tina basa Indonésia kana basa Sunda. Unurna ngawengku rélasi semantis (sinonimi jeung homonimi kalawan niténan wangun asli, serepan atawa rékaan).

c. Unsur Gramatikal

Gramatikal nya éta tata basa anu mangrupa tata susun tina patokan-patokan umum anu aya dina adegan basa, mangrupa tiori anu ngagambarkeun cara basa lumampah tur dipaké ku panyaturna, ayana dina otak, sifatna homogén tur, rélatif angger. Ieu ambahan ngawengku dua bagian: (1) morfologi, jeung (2) sintaksis. Wangun morfologis nyoko kana ngawangun kecap ngararangkénan, ngarajék, ngantétkeun, jeung ngawancah. Ari wangun sintaksis nyoko kana adegan frasa jeung adegan klausa/kalimah.

d. Rumpaka Lagu Pop Sunda

Rumpaka nya éta “lirik”, téks atawa kekecapan dina lagu. Lagu Pop Sunda minangka wanda anyar dina kasenian Sunda anu kaasup kana kawih kénéh. Sedengkeun kawih nya éta bagian tina kasenian Sunda anu diwangun ku dua unsur nya éta unsur seni jeung unsur sastra. Unsur senina nya éta musik nu ngalahirkeun lagu (nada jeung wirahma), sedengkeun unsur sastrana ngalahirkeun puisi ku rumpaka atawa lirik lagu.

1.6 Raraga Tulisan

Raraga nulis dina ieu panalungtikan ngawengku lima bab, sakumaha anu diébréhkeun dina wangun saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina medar kasang tukang, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan operasional, jeung raraga tulisan. Bab II Ulikan Tiori, eusina medar tiori anu dijadikeun tatapakan pikeun nganalisis pasualan anu ditalungtik dumasar kana mangpirang sumber rujukan tina buku katut bahan bacaan séjénna. Sawangan anu dipedar ngawengku tiori ngeunaan interférens, unsur léksikal nu patali jeung rélasi semantis (sinonimi jeung homonimi kalawan niténan wangun asli, serepan atawa rékaan), unsur gramatikal anu ngawengku morfologis jeung sintaksis, sarta pedaran ngeunaan rumpaka lagu pop Sunda. Bab III Méthode Panalungtikan, eusina medar cara nangtukeun data jeung sumber data, désain

panalungtikan, métode panalungtikan, instrumén panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, jeung téknik ngolah data. Bab IV Analisis Interférénsi Léksiko-gramatikal dina Rumpaka Lagu Pop Sunda, eusina mangrupa déskripsi jeung analisis ngeunaan interférénsi léksiko-gramatikal dina rumpaka lagu Pop Sunda. Dina ieu bab ogé dipedar hasil panalungtikan katut frékuénsi distribusina. BAB V Kacindekan jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan tina hasil analisis data jeung saran/rékoméndasi anu dianggap penting pikeun panalungtikan saterusna.



